Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 50 (7554)
8 декабрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Хаслихълъиялъул призыв

## Бихьинчиясул тIадаб налъи



Араб анкьил ахиралда района лъул администрациялъул залалда тIобитIана хаслихълъиялъул призывалъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, рагъулав комиссарасул ишал тIуралев М. Гъапуров, ВУСалъул специалистал, росабазул бутIрул.

Данделъиялъул байбихьуда районалъул бетIерас гIахьал-лъаразулгун лъай-хъвай гьабуна РДялъул БетIер С. А. Меликовас бачIараб хIукмуялъулгун. Гьениб хъвалеб буго:

- **Муниципалиял гIуцIабазул рагъулал комиссариатазе кумек гьабизе РФялъул Рагъулал Къуваталъе специалистал хIа-дуриялъе расчетниял тIадкъаял кьун ва заман бихьизабун.**

**Дагъистан Республикаялъул ГIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул хIалтIухъабазгун цадахъ шагьаразул, районазул ва жамгIиял организациязул нухмалъулелги гьоркьоре рачун, чIахIиязул Советазул, депутатлъиялъул корпусалъул хIаракатчагIиги гьоркьоре цIан, бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе призывниказда ва гьезул эбел-инсуда гьоркьоб. РФялъул законодательствалъул рихьизариял тIуразе гьезул жавабчилъи борхиялъе, рагъулаб хъулухъ тIубай налъи букIин гьезда бичIчIизабизе, тIоритIизе рагъулаб хъулухъалъул къадру-къимат борхулел тадбирал.**

Жакъа къоялде щвезегIан Унсоколо районалдаса хехаб хъулухъалде ритIун руго I5 чи, хадур ритIулезул къокъа уна 3 декабралда.

Транспорталъул налог

## ХIалтIи хIасил кьоледухъ гIуцIе

6 декабралда бетIер ГI. НурмухIамадовасул кабинеталъуб букIана транспорталъулаб лъагIалил налог бакIариялъул бугеб хIалалъухъ балагьулеб данделъи. Гьенир гIахьаллъана РДялъул налогазул № I0 инспекциялъул начальникасул зам. М. МухIамадгIалиев, районалъул ФССПялъул судалъул исполнитель ХI-М. ХIамзатов, администрациялъул экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев, бетIерав специалист ХI-М. МаллахIусейнов.

Данделъиялда гIенеккана М. МухIамадгIалиевасул гьаб соналда транспорталъул налог бакIариялъул рахъалъ докладалъухъ. Гьес бихьизабуна 2022 соналъул гьеб тайпаялъул налогалъул налъи I0 % гIодобе кканин, лъагIалил байбихьуда гьелъул къадар букIанин I8 %.

Унсоколо ва Гумбет районазул судалъул исполнитель ХI. ХIамзатовас бихьизабуна гьаб сонаЛъ судалъул хъулухъазде битIанин 44I4 судалъул приказ,-абун.

Данделъиялъул ахиралда бетIерас гIахьаллъаразе транспорталъул налог бачIинабиялъе киналго рычагал хIалтIизарун хIалтIи гIуцIе,-ян тIадкъай кьуна.

Кинабго гьеб налогаз бачIинабураб гIарац уна нухал къачIаялъе, гьелъ налогал ракIариялде кIварги цIикIкIараб букIине кколин бихьизабуна хадубги ГI. НурмухIамадовас.

Росдал магIишаталъул Къо

## Бечедаб ярмарка

3 декабралда Дагъистаналъул росдал магIишаталъул ва промышленносталъул Къоялда хурхун ярмарка тIобитIана МахIачхъалаялъул централияб къотIноб. Гьенив гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовги.

Ярмаркаялда жидерго продукция лъун букIана Лаваша, ГIахъуша, Гъаякент, Казбек, МухIарамкент, Хунзахъ, Сулейман-Стальский, Гумбет, Гъизилюрт, Тарумовск, Шамиль, Буйнакск, Гъуниб, ЦIунтIа, Болъихъ, Хъумторхъала, Кули, Бабаюрт, Унсоколо ва цогидалги районаз. Жидерго магIишатазда хIадурараб продукция бачIана нилъер районалъул магIишатазги ярмаркаялде.

ХIажатаб босизе ярмаркаялде рачIаразе гьениб чIезабун букIана лъикIаб качествалъул гьан, гьеб букIана бакъвазабурабги, рахьдал квенал, гьоцIо, хьон, пула ва гIемераб цогидабги.

Ярмаркаялда гIахьаллъана нилъер районалъул бетIер гуревги, батIи-батIиял отделазул ва организациязул нухмалъулелги. Гьенире рачIаразе хIалбихьизе кьуна жиде-жидер миллиял квенал, гьелда гъорлъ рукIана аваразул хинкIал бежараб гьангун ва мохмохгун ва цогидалги миллиял квенал.



Унсоколо районалъул культураялъул хIалтIухъабаз тадбиралда ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби.

ДандчIвай

## Конпенсациялъул ва лъел суалалгун



Араб анкьил ахиралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Рихьуни родал вакилзабигун. Гьенир дандрана росдал лъелъ гъанкъарал ракьазухъ компенсация кьеялъул ва росулъ лъим чIезабиялъул суалал. РайоналъулбетIерасвакилзабазе баян гьабуна РДялъул Правительствалъ РФялъул экономикияб рахъалъ церетIеялъул Министерствоялде ритIун ругин переселенцазул списокал хадуб-ккун переселенцазе цIиял жанир чIолел бакIал раялъул суалалъухъ балагьизе. Ракьул суалалъул абулаго гьеб рагьахъего хутIулеб буго РФялъул Правительствалъул № 59 бугеб 2022 соналъул 27 январалда бахъараб цIияб хIукмуялда бан. Гьеб хIукму гьабун буго лъелъ тIерхьарал ракьазул цIидасан переоценка гьабиялъе.

Рихьуни росу лъедалъун хьезабиялъул суалалъул бицунаго районалъул бетIерас лъазабуна гьабизе кколеб хIалтIуе ва насосалъулаб станция босиялъе гIарац лъун бугин.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 50 (7555)
Хамиз
8 декабрь 2022 сон



6 декабралда рачIарал тIаде къабул гьаруна районалъул бетIер, «Единая Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул секретарь ГI. НурмухIамадовас. Аслияб къагIидаялъ гIадамазул гIарзал рукIана хIалтIуде росиялда ва жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул суалазда хурхун.
БетIер щивасухъ гIенеккана, хадурккун гьезул мурадал тIуразе хIисабалде росана.

ЦIилъи: рак унти

# Амбулаторияб Центр рагьана



30 ноябралда Шамильхъала поселокалъул медицинаялъул стационарияб кумек гьабиялъул Централда (ЦСМП) рагьана рак унтул рахъалъ амбулаторияб кумек гьабиялъул Центр (ЦАОП).

Гьеб рагьулеб тадбирада гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул МЗялъул медицинаялъул кумек гьабиялъул рахъалъ бугеб отделалъул нач. Муслимат ГIалиева, Унсоколо районалъул Централияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, ЦАОПалъул зав. ГI. ГIабдурахIманова, гьединго ЦСМПялъул хIалтIул персонал.

ДандчIваялда бетIерас лъай-хъвай гьабуна организмалда жаниб рак унтул патологиялъулал хиса-басиял лъаялъе ругел техническиял жалазулгун. – Дун хIисаб тун вохарав вуго нилъер гьаниб гьадинаб Центр рагьиялдаса, нилъер гьаниб кIванагIан гIатIилъулеб буго гIадамазе медицинаялъулаб хъулухъ гьабиялъул спектр.

Кумек гьабулезул жавабчилъиялъ рагьана нилъер гьаниб гьаб Центр.

БихьизабичIого гIоларо нилъер медицинаялъул хIалтIухъабазул тIадегIанаб махщалил, гьезул хIалтIул хIасилалда руго нилъ сах-саламатго рук1ин, гьез чIезабулеб буго нилъер гIелазе цвалде щвараб сахлъи.

ГIадамазул сахлъи цIуни ккола жакъа бищунго кIвар бугеб масъала, гьелъулъ буго нилъер букIинесеб,- ян бихьизабуна гьенив кIалъалаго бетIер ГI. НурмухIамадовас.

ГьабсагIаталда ЦСМПялда хIалтIулеб буго сах





гьарулеб амбулатория, хирургиялъул, нервологиялъул, кардиологиялъул отделениял.

Семинар

# «Интернеталъул сеталда – хIинкъи гьечIолъи»



Гьал къоязда Шамильхъалаялъул школалъул цIалдохъабазе районалъул администрациялъул конференц-залалда тIобитIана «Мирный Дагестан»ва «Интернет безопасность» абурал проектазда рекъон лъай кьеялъул семинар. Гьелъул спонсораллъул цере рахъана М. ГIабдуразакъов ва РФялъул ПачалихъияБ Думаялъул депутатасул кумекчIужу Б. С. ХIамзаева.

Гара-чIвариялда М. ГIабдуразакъовас бицана гIумроялда жаниб жакъа интерналъ ккун бугеб бакIалъул, гьелдасан щолеб информациялъул чанго нухалъ хал гьабиялъул бугеб кIваралъул, кинаб букIаниги щаклъи ккани щвалде щвараб лъай бугел специалистазулгун бухьен гьабизе ккеялъул.

ГIахьалчагIазе гьединго гIакълу кьуна цифрабазулаб бухьеназул репутация цIуниялда хурхун, гIадамазда гьоркьоб дагIба-рагIи ва рихин кколел материалал лъечIого теялъул. Гьеб гуребги спикерас гIолилазда бичIчIизабуна виртуалиябгун гьадингояб гIумроялъулъги гIумроялъулал ихтиярал хвезарурал уголовнияб тамихIалде цIалеллъи.

Пенсионнияб лъай

# Пайдаяб дарс



29 ноябралда пенсионнияб лъай борхизабиялъул Цогояб Къоялъ Заргъалаевасул цIаралда бугеб Рихьуни гьоркьохъеб щколалъул чIахIиял классазда гьоркьоб районалъул пенсионнияб отделалъул клиентазул хъулухъалъул специалистаз тIобитIана гIолеб гIелалда гьоркьоб пенсиялъулаб лъай борхизабиялъул дарс. Гьеб кьуна КСалъул нухмалъулей СалихIат Бартыхановалъ ва пенсионниял ихтияразул рахъалъ специалист-эксперт ГI. ХIажиевасги.

Тадбир ана лъималазе интерес букIунеб куцалда. Гьеб тIобитIулаго рачIун рукIана темаялда рекъон брошюраби, буклетал ва информационниял тIамчал. Бицен гьабулеб дарс бухьараб букIана социалиябгун экономикияб политикаялда, дагьго хьезарурал хъизаназул лъималазе кумек-кверчIвай гьабиялда, гьелдаго цадахъ букIинесеб гIелалъул цифровияб технологиялъул эпохаялда бугеб ролалда. Лъималазда бицана экономикияб областалда махщел тIаса бищиялъул, льготабазул, социалиял выплатабазул. Лъимал гьираялда гIенеккана цIияб ва пайда бугеб информациялъухъ

Налогал

# ВКСалъул форматалда



I декабралда РДялъул № I0 бугеб Россиялъул ФНСалъул МРИялда ВКСалъул форматалда букIана районазул бутIрулги ахIараб районазда гьоркьосеб данделъи. Гьенир гIахьаллъана РДялъул Россиялъул налогазда хурхараб нухмалъи ва правительсвалъул членал.

Данделъиялда гьоркьор лъуна 2023 соналъул январалдаса нахъе Цогояб налогазулал счетал хIалтIизариялъул (ЕНС). Гьеб хIалтIизабиялъ кумек гьабизе буго налогал кьеялъул тIадеросиязул механизм хисизабизе ва къокъ гьабизе, экономикияб кьучIалда пениялъул суммаялъул расчет, бюджеталда цебе гIаммаб налъи бецIи букIинабизе, гьединго цIикIкIараб къадар налъул рехизе ккей лъугIизабизе.

Гьеб рехизе хIалтIизабизе буго кIиго реквизит – ИНН ва пластенсалъул сумма. Ккани детолизация гьабизе бегьула; кин гьабун бугеб баланс, кин рикьун ругел платежалалиги балагьун

# Формирование круга сторонников национального проекта «Здравоохранение» из числа специалистов медицинских организаций, пациентов и представителей общественных организаций в целях привлечения к информационной работе, совместным общественно- значимым мероприятиям и акциям по популяризации ценностей проекта, сферы ОМС.

Национальный проект РФ «Здравоохранение» является развитием одноименного приоритетного нацпроекта, стартовавшего в 2016 году. Паспорт нацпроекта был утвержден 3 сентября 2018 года. Реализация его началась 1 января 2019 года.

Основными целями стали ликвидация кадрового дефицита в организациях, которые оказывают первичную медико-санитарную помощь, обеспечение охвата всех граждан профосмотрами не реже одного раза в год и повышение доступности и качества первичной медпомощи, в том числе в отдалённых местностях.

Национальный проект РФ «Здравоохранение» включает несколько целевых показателей.

Среди основных:

* снижение смертности населения трудоспособного возраста

* снижение смертности от болезней системы кровообращения

* снижение смертности от новообразований, в том числе от злокачественных

* снижение младенческой смертности

*охват всех граждан профилактическими медицинскими осмотрами не реже одного раза в год.

* ликвидация кадрового дефицита в медицинских организациях.

* обеспечение оптимальной доступности для населения медицинских организаций.

* оптимизация работы медицинских организаций, оказывающих первичную медико-санитарную помощь.

* сокращение времени ожидания в очереди.

*упрощение записи на приём к врачу.

* увеличение объёма экспорта медицинских услуг.

В рамках проекта РФ «Здравоохранение» планируется завершить формирование сети национальных медицинских исследовательских центров. К 2024 году она должна насчитывать не менее 27 центров. Во всех регионах образовать сеть центров амбулаторной онкологической помощи, обеспечивающих своевременность и комфортность прохождения диагностических процедур. Создать федеральные центры протонной терапии (для онкобольных). Развить профилактическое направление в педиатрии. Обучить не менее 10 тысяч врачей-специалистов по профилям «Акушерство и гинекология», «Неонатология» и «Анестезиология и реаниматология» (в 2019-2024 годах).

Повсеместно внедрить процедуру аккредитации медицинских специалистов (к 2024 году). Обеспечить гражданам в личном кабинете «Моё здоровье» на едином портале Госуслуг доступ к записи на приём к врачу, получению сведений об оказанных медуслугах и электронным медицинским документам (к концу 2024 года).

В России во многих городах с населением более ста тысяч человек уже есть медицинские организации, оказывающие первичную медико-санитарную помощь, а также наблюдается рост экспорта медицинских услуг.

Благодаря такому проекту гражданин России уже с рождения будут получать всю необходимую, квалифицированную помощь. Так как в рамках этого проекта идет упор не только на выявление на ранних стадиях заболеваний, а и на развитие поликлиник, и конечно повышение квалификаций медицинского персонала, вероятность реализации этого проекта вырастает в разы. Безусловно, этот проект должен быть общенациональным, должен коснуться каждого уголка России и каждого гражданина, так этот проект будет более эффективным, нежели если он коснется только отдельных субъектов.

Анализируя темпы развития проекта здравоохранения в Российской Федерации, можно делать вывод, что все идет по разработанному и утвержденному плану.

Назначенным ответственным лицам необходимо не сбавлять темп и продолжать контролировать его исполнение. А так как в 2020 году страна перенесла на себе Covid-19, обновленные больницы и стационары, очень даже пригодились. Добавка к заработной плате медицинских работников, наверняка поменяла их лояльность и отношение к своей работе.

Как результат, Россия справилась с пандемией и продолжает дальше развивать проект — «Здравоохранения».

**Буйнакский филиал ТФОМС**

# Поздравляем с Днем инвалидов!

(3 декабря – День сильных духом и верой людей, борющихся каждый день со своим недугом и непокорной судьбой!)





Дорогие наши люди с ограниченными возможностями, в День празднования Международного дня инвалидов хотим обратиться к вам и в очередной раз напомнить о том, что инвалидность – это всего лишь статус и состояние тела. Намного важнее то, что вы обладаете душой, желаниями, целями, которые сложно встретить в нашем мире у обычных людей. Ваш недуг не сломил вас, вы только лучше видите свою заветную цель и динамично стремитесь к ней. Все свои физические ограничения вы компенсируете огромной чистотой ваших сердец!

В этот прекрасный день от лица коллектива ГБУ РД КЦСОН в МО «Унцукульский район» во главе с и. о. директора Гусейновой Э. М. хотим поздравить Вас с Днем Инвалидов и пожелать Вам здоровье, бодрости духа, чтобы Вы смогли исполнить все свои самые заветные желания! От всего сердца желаем Вам, чтобы вы никогда не чувствовали себя «другими», а всегда были окружены любовью, добротой и настоящими друзьями! Пусть каждый день дарит счастье и улыбку, пусть каждый миг будет прекрасным и радостным.

С Праздником!

## Во втором чтении принят бюджет Дагестана на 2023 год

5 декабря, на 17-й сессии Народного собрания Дагестана во втором окончательном чтении был принят главный финансовый документ республики - бюджет. Бюджет по сравнению с первым чтением ко второму чтению увеличился по доходам на 14,1 млрд рублей и составил 177, 2 млрд рублей. Общий объём расходов республиканского бюджета на 2023 год составляет 192,8 млрд рублей. Дефицит – 15,6 млрд рублей.

Сессия началась с минуты молчания в память о Магомедали Магомедове. Затем приступили к рассмотрению вопросов повестки дня. В первую очередь депутаты приняли закон «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов». С докладом выступил председатель Комитета НС РД по бюджету, финансам и налогам Марат Ильясов.

Он отметил, что ко второму чтению поступила поправка только от главы республики Сергея Меликова. Согласно поправке, общий объём доходов увеличен на 14 млрд 195 млн рублей, в том числе за счёт трансфертов из федерального бюджета – 11 млрд 933 млн рублей и 2 млрд 262 млн рублей за счёт собственных налоговых и неналоговых доходов.

Объём расходов республиканского бюджета увеличен на 1 млрд 427 млн рублей и составил 192 млрд 874 млн рублей. Дефицит уменьшен на 12 млрд 767 млн рублей и определён в 15 млрд 639 млн рублей вместо 28 млрд 407 млн рублей ранее.

Хваразул рахъалъ гIицIго лъикIаб бице

# Иосиф Сталиница ислам босун букIанищ?

Башкириялдаса КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Агьзам Гайдулиница чIванкъотIун бихьизабулеб буго рагъул заманаялъ И. Сталинил «Цо галиялъ нахъе къаге!» абураб приказ бахъиялъе ккараб гIилла лъалин.

1942 соналда КIудияб ВатIанияб рагъ унаго Совет Союзалда хабар баккана, ричIчIуларел гIиллабиги ратун, КIиабилеб ВатIанияб рагъ ккеялъе гIилла кколин кIудияб полководец Темирлание Гьоркьохъеб Азиялда мовзолей рагьи,-абун. Гьелъие гIилла букIанин абула кIудияв главнокомандующияс жинцаго дин лъазабулеб, гьелде гьесул интерес бугеб мехалъ гьелъул къануназул Сталиние кIудияб интерес букIин. Гьелъул хIакъалъулъ Гайдулиние бицун буго Советияб заманаялъул муфтий ГIабдурахIман Расулевас. Гьесул рагIабазда рекъон Сталиница приказ кьун бугоТемирланил мовзолей рукIалиде ккезабиялъе 1 миллион кьеян ва гьарана гIакълу дандбазе, ай консультациялъе бусурбабазул лъай бугев богослов валагьеян. Кумекчилъул вихьизавун вуго Урал-Поволжьялда вукIарав суфийскияв Зайнулла-ишанасул вас – муфтий ГIабдурахIман Расулев. Гьев вукIана гьваридго рухIияб гIумро лъалев ва хIалбихьи бугев цIаларав чи.

Гайдулин вукIана ВОВалъул гIахьалчи, рагъулъ гьев гIемер лъукъана ва кваранаб квердаса ватIалъана. Гьесда лъалаан гIемерал бусурман диналъул гIадамал. Гьезда гьоркьоса ккола Зайнулал вас Расули, Накъшуманияб рахъалъул устар ГIабдурахIман Расулевги. Уфаялда 1946 соналда Гайдулинида дандчIвана ГIабдурахIман Расули. Гьев доб мехалда вукIана СССРалъул Европаялъул рахъалъул ва Сибиралъул муфтийлъун.



Гьес фронтовикасда бицун буго жиндирго гIумроялъул ва сайгъат гьабун буго 1945 соналда Сталинил кумекалдалъун къватIибе биччараб «Религия Ислам»,- абураб тIехь.

1942 соналда фашистал ротана Волгаялъухъе. Кутакалда захIматаб хIал букIана СССРалъул. Гьеб къоялде щвезегIан цIунараб нейтралитет биххизе къачIан рукIана цогидал пачалихъалги. Цо къоялъ,-ян ракIалде щвезабуна ветеранас ГIабдурахIман –хазрат жиндихъего ахIана Верховный главнокомандующий И. Сталиница ва гьикъана «Дур хIисабалда кинаб букIине бугеб КIудияб ВатIанияб рагъул ход»,-ян. Расулевас гьесие баян гьабуна сардилъ жинца хасаб как базе кколин (Истихара гьабизе ва Аллагьасдасан кумек гьаризе кколин гьеб лъазе),-абун. Къасде ГIабдурахIман-хазрат кколебщинабги гьабун кьижизе вегула ва макьилъ бихьула; ТIадегIанас гIаламат кьола «гьабсагIат нахъе къани, рагъулъ къезе ругин».

ГIабдурахIман Расулевас макьу бицуна Сталиница, гьелдаса хадуб хъвала «Ни шагу назад!»,- абураб приказ.

Хадуб Главнокомандующияс Расулевасда гьикъула фронталда бугеб хIалалда тIад асар гьабизе кIолищан. ГIабдурахIманица жаваб кьола «ГIицIго Совет пачалихъалъул бетIерас Ислам босани кIолилан». Гьелдаса хадуб гьес какиги чурун, шагьадат битIула. Хадуб Сталинида цадахъ ункъго сагIаталъ Москвалда ва фронтазда тIасан боржуна гьел рекIараб самолет. Хадуб Расулев мукIурлъана «Ункъго сагIаталъ ц1алдолаго «халкъазул эменгун» воржунаго 10 соналъ къокълъанин жиндир гIумро»,-абун.

Гьеб рухIияб кумекалъухъ, СССРалъул бусурбаби жигьадалде ахIаралъухъ, баркала загьир гьабуна Сталиница ГIабдурахIмание. Гьелдаса хадуб диналдехун гьабулеб политика тIубанго хисанин гьесул,-ян бицунаан Расулевас.

Вероисповедениялъулъ хадубккун чанго тамахлъизарурал бакIал гьаруна Сталиница. Гьелдаса хадуб Сталинил Указалдалъун бахъула «Религия Ислам» абураб тIехьги печаталда.

**М. ГIАБДУЛХАКОВ**
**Ислам. Ру.**

# Иса Нурмагомедов выразил соболезнования в связи с кончиной Почетного Председателя Госсовета РД Магомедали Магомедова



**Глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов выразил соболезнования заместителю Руководителя Администрации Президента России Магомедову Магомедсаламу Магомедалиевичу в связи с кончиной отца и Почетного Председателя Госсовета РД Магомедали Магомедова.**

«От имени унцукульцев, администрации Унцукульско го района и от себя лично примите слова соболезнования в связи с постигшим Вас горем – кончиной отца, выдающегося политического, государственного деятеля Дагестана Магомедали Магомедовича Магомедова.

Имя Магомедали Магомедовича навечно вписано в историю Дагестана.

В судьбоносные для нашей республики и всей России дни он не дрогнул, проявил личное мужество, организовал отпор международным террористам.

С ним ушла целая эпоха. В этот скорбный день разделяю с Вами боль утраты.

ЕИСалъул хъулухъалъул ва «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго райадминистрациялъул шофер МухIамадханида гьесул яц

**ПатIимат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабун батаги.

## Лъазаби

20I4 соналъул 26 июналда «Рихьуни» МКОялъ МухIамадгIалиев Рамазан МухIамадовичасул цIаралда кьураб, № 005I8000249I7 бугеб ичIго класс лъугIиялъул аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 7. 12. 2022 г. 14. 50
фактически -16. 45 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.